

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méhode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1 Méhode Panalungtikan**

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun rumpaka katem, lantaran ieu panalungtikan ngadéskripsikeun kaayaan sumber data. Saterusna sumber data nu aya dina katem bakal dianalisis, sangkan eusi rumpaka nu jadi udagan dina ieu panalungtikan katangén sacara témbrés.

##### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka, téhnik wawancara jeung téhnik analisis data.

###### **3.1.2.1 Téhnik Ulikan Pustaka**

Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan maca sarta neuleuman ngeunaan tiori-tiori nu aya dina sumber bacaan. Tina ieu téhnik, meunang hasil ngeunaan tiori rumpaka, tiori puisi, tur meunang informasi ngeunaan hal-hal nu aya patalina ngeunaan kawih jeung tembang.

### **3.1.2.2 Téhnik Wawancara**

Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngalengkepan data ku jalan ngayakeun tanya jawab (wawancara) jeung tokoh nu boga luang dina widang katem.

### **3.1.2.3 Téhnik Analisis Data**

Téhnik analisis data digunakeun pikeun nganalisis bahan atawa data nu geus dikumpulkeun, terus dilenyepan nepi ka kapanggih bagian-bagian nu diperlukeun dina panalungtikan.

## **3.2 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

### **3.2.1 Téks Katem**

Téks katem digunakeun dina ieu panalungtikan, sangkan nu nalungtik bisa teleb jeung anteb dina neuleuman rumpaka laguna.

### **3.2.2 Tiprékoder + kasét**

Tiprékoder jeung kasét minangka pakakas nu digunakeun pikeun ngadeudeul prosés ngumpulkeun data, ku cara ngarékam tokoh nu nyiptakeun katem.

### 3.2.3 Pedoman Wawancara

Wawancara dilaksanakeun langsung ka Nano S, salaku tokoh nu nyiptakeun katem. Ieu di handap baris ditataan naon waé hal-hal anu rék diwawancara.

- a. Naon saleresna anu dimaksud katem teh?
- b. Naha éta karya téh bet disebut katem?
- c. Kumaha benténna katem sareng lagu-lagu ciptaan Bapa anu sanésna?
- d. Ti iraha nyiptakeun lagu sarupi katem?
- e. Kumaha eusi rumpaka katem nurutkeun Bapa?

### 3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta buku téks katem karya Nano S. Judul laguna aya genep, ngan aya hiji rumpaka beunang Dédy Windyagiri kalayan disanggi ku Nano S nya éta “Dalem Kaum”. Saleuwihna mah boh sanggian boh rumpakana beunang Nano S, nya éta “Cipanon Sarakan”, “Reumis Citangis”, “Mandala Asih”, “Sumerah”, jeung “Sekar Kasmaran”.

### 3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Rarancang garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah kagiatan nya éta:

### **3.4.1 Tahap Tatahar**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) Ngumpulkeun sumber bahan kajian,
- 2) Nangtukeun masalah jeung obyék panalungtikan,
- 3) Ngasongkeun judul panalungtikan,
- 4) Nyusun rarancang panalungtikan,
- 5) Ngaréngségeun surat ijin panalungtikan, jeung
- 6) Konsultasi ka dosén pangaping.

### **3.4.2 Tahap Ngumpulkeun Data**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

- 1) Nangtukeun lagu nu rék dijadikeun bahan analisis,
- 2) Ngayakeun wawancara ka tokoh nu nyiptakeun katem, patali jeung hal nu rék ditalungtik, jeung
- 3) Ngadokuméntasikeun sarta ngainvéntarisasi data nu geus hasil.

### **3.4.3 Tahap Ngolah Data**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngolah data ngawengku:

- 1) Nengetan deui data nu geus dikumpulkeun,
- 2) Napsirkeun hasil data nu geus diolah, jeung
- 3) Nyieun kacindekan.

#### **3.4.4 Tahap Nyusun Laporan**

Tahap pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan kalawan sistematis dina wujud skripsi. Léngkah nyusun ieu laporan salawasna diaping ku dosén pangaping.

